


La Bib pou ti moun prézanté

Bondye
onore
Jozèf,
esklav
la



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : M. Maillot; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : M. Maillot; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Ansyen mèt li a, Potifar, te mete Jozèf nan prizon enjis. Nan prizon an, Jozèf te obeyisan epi li te konn ede lòt moun. Kòmandan prizon an te fè Jozèf konfyans pou l òganize lavi nan prizon an. Paske Bondye te avèk Jozèf, prizon an te vin tounen yon pi bon kote pou tout moun.




Boulanje a ak chèf otèl wa a te
nan prizon. Jozèf te mande
yo : "Poukisa nou tris konsa ?"
De mesye yo te reponn ak
lapenn : "Pèsonn pa kapab

eksplike
nou rèv
nou yo."



"Bondye ka eksplike li !"
Jozèf di. "Rakonte mwen
rèv nou yo."




"Rèv ou a vle di nan twa jou Farawon an ap remèt ou travay ou a," Jozèf di chèf otèl la. "Sonje mwen epi mande Farawon an pou li labere m." Rèv boulanje a te pote move nouvèl.

"Ou pral mouri nan twa jou," Jozèf di li. Toulede rèv yo te rive vre.



Men, chèf otèl la te bliye Jozèf
jouktan yon jou Farawon an te reveye
ak kè sote. Li te di : "Mwen fè yon
move rèv." Pa gen youn nan
majisyen ak moun
saj li yo ki te ka
eksplike rèv



Farawon an. Se lè sa a
chèf otèl la te sonje
Jozèf. Li te pale
Farawon de li.



Farawon an te voye chache Jozèf
touswit. "Rèv ou a se yon mesaj Bondye
voye ba w," Jozèf di Farawon an. "Ejip pral
genyen sèt lannen abondans, epi apre sa sèt
lannen grangou."



"Planifye kounye a pou w sere manje pandan sèt bon lane k ap vini yo," Jozèf te konseye Farawon an, "sinon pèp ou a pral mouri grangou."

"Bondye avèk ou," Farawon an te deklare. "Ou pral gouvènen peyi Lejip. Mwen menm sèlman k ap sou tèt ou."



Sèt ane abondans te vini. Apre sa, sèt ane grangou.
Grangou te fè ravaj toupatou esepite peyi Lejip, kote
yo te sere gwo kantite manje. Nan peyi byen lwen
kote Jozèf te soti a, fanmi Jakòb ia t ape mouri
grangou.



Moun te soti nan tout peyi vin an Ejip pou y achte ble.
"Nou menm tou, nou dwe ale." Jakòb te bay pitit
gason li yo lòd, "Sinon nou pral mouri
grangou." Lè yo te
rive an Ejip, pitit
gason yo t ap
prepare yo pou
y al achte manje.



Pitit gason Jakòb yo te bese tèt yo
devan moun ki te pi enpòtan nan peyi
Lejip la apre Farawon an. Yo pa te
rekonèt Jozèf. Men, Jozèf te
rekonèt yo. Jozèf te sonje rèv li te
fè yo lè li te timoun nan. Bondye te
mete li pi wo pase frè l yo.




Jozèf te entelijan anpil. Li te pale di ak
frè l yo, epi li te kenbe Simeyon, frè li a,
kòm otaj. "Pran manje a, ale lakay nou.
Mennen dènnye ti frè nou an
ban mwenn. Li te bay lòd. Se
lè sa a mava
konnen se pa

espion
nou
ye."



Frè yo te sèten Bondye t ap pini yo
paske yo te vann Jozèf kòm esklav
plizyè lane anvan sa.



Jakòb ak pitit gason li yo te boulvèse. "Yo te remèt nou lajan nou an nan sak ble yo. Epi nonm k ap gouvènen peyi a te pase nou lòd pou nou retounen ak Benjamen."



Men, Jakòb pa te vle kite
Benjamen ale. Men, apre yon ti
tan toukout pa te genyen manje
ankò. Frè yo te oblije retounen
an Ejip. Benjamen t ale avèk yo.




Lè Jozèf te wè Benjamen, li te bay sèvitè l yo lòd pou yo prepare yon gwo fèt. Yo te envite frè li yo. "Èske papa nou vivan ak anfòm ?" Jozèf te mande. Petèt li t ap reflechi ak yon fason pou l reyini tout fanmi an ankò.



Jozèf te vle konnen tou si frè li yo te
regrèt toutbon sa yo te fè li a plizyè
ane anvan an. Apre fèt la, li te
akize yo kòm vòlè. "Kòm
pinisyon, m ap kenbe
Benjamin kòm esklav
mwen," Jozèf te di.
"Mèt mwen, pran m nan

plas li," Jida te sipliye.
Jozèf te konnen Jida, ki
te sijere pou yo vann
Jozèf, te chanje
toutbonvre.



Jozèf pa te kapab kache lanmou li te
genyen pou fanmi li a ankò, li te fè
tout Ejipsyen yo soti nan pyès la.

Aprè sa, li te
kòmanse
kriye. "Mwen
se Jozèf, frè
nou an, nou te
vann nan peyi
Ejip la."

Sezisman ak
laperèz, te fè
frè yo pa te di
anyen.



Jozèf te ankouraje frè li yo.
"Bondye te fè mwen vin
chèf peyi

Lejip pou m kapab
sove lavi nou pandan
sezon grangou sa a. Ale
chache papa nou. Mwen
apral pran swen nou."




Jakòb ak Jozèf te
reyini nan peyi Lejip,
epi tout fanmi an te
viv la nan lapè ak
abondans.




Bondye onore Jozèf, esklav la
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,
Nap jwen-n nan
Jenèz 39-45

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130





8



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

